## Le wap vizite yon sant child care

**Ke wap chwazi child care pou la premye fwa, oubyen wap panse pouf e yon chanjman nan aranjman ke'w genyen kounya a, pwose vizit ak seleksyon child care ya ka tre twoublan. Sigjesyon sa yo, nou adapte yo nan yo atik ki rele "Impresyon: jan yon paran reyaji le le vizite yon sant" pa David J. Gleason. (child care information exchange may 1987)**

1. **le aproch a sant lan**
   **-eske li atraktan, invitan, eske li gen swen?**

2. **le ou antre nan pot la**
   **-eske yo byen resevwa'w, eske li gen ase limye,kont granmoun?**

3. **rankont ak direkte ya**
   **-eske madanm/misye ya janti?**
   **-eske madanm/misye ya fe mentnans kontak je ak ou? Ak pitit ou?**

4. **le wap mache nan korido yo**
   **-eske yo dekore? Gen limye e an sekirite?**

5. **le ou antre nan klas la**
   **-eske li sanble okipe san li pa depase kontwol?**
   **-eske timoun yo involve aktivman?**
   **-eske timoun yo sanble key o kontan?**

6. **pwofese yo**
   **-eske yon interakte ak timoun  yo?**

**-eske yo resevwa ou menm a pitit ou byen?**

**-eske pwofese yo fe sanblan chanje atitid yo anve timoun yo jis paske ou la?**

**7. kote pou jwe ya**

**-eske kote pou jwe deyo a an sekirite e byen mentni?**

**-eske li sanble byen sipevize? Eske gen lajwa?**

**8. eseye konprann pwogram nan/mande direkte ya**

**-ki filozofi pwogram nan?**

**-ki polisi ki genyen sou zafe disiplin?**

**-kouman yo sipevize staff yo?kouman yo antrene?**

**9. mete tout bagay ansanm**

**-eske ou santi ke pwofese y oak timoun yo kontan?**

**-eske ou ka imajine pitit ou nan sant sa a?**

**-eske ou gen pyes lot dout oubyen lot kesyon?**

**Sonje ke, si ou obzeve kek pati spesifik say o nan yon pwogram child care, instink ou ak jijman'w se pi bon fason pou'w fe chwa ki child care out a renmen.**

**-**

Child care center
617 547-1063
E-mail **parentinginfo@ccrinc.org**
http://www.ccrcinc.org